Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 21 (9932) 2 июнь 2023 с. / Рузман 14 Зуль-къагІида 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## ПОЗДРАВЛЕНИЕ




**Уважаемые жители района, дорогие дети!**

Сердечно поздравляем вас с ярким праздником-Международным днем защиты детей. Этот праздник напоминает нам о нашей ответственности за обеспечение счастливого детства каждого ребенка, за их благополучное будущее. Детское счастье изначально предполагает любовь родителей, поэтому особую благодарность выражаем тем семьям, где дети окружены пониманием и заботой.

Забота о детях- это забота о нашем будущем, о будущем нашей страны. В нашем районе уделяется серьёзное внимание защите детей, их жизни и здоровью, создаются все необходимые условия для качественного образования, развития, досуга и самореализации.

У нас много талантливых ребят. Они радуют нас своими успехами в учёбе, творчестве, спорте, ежегодно становятся победителями и призёрами различных конкурсов, фестивалей и олимпиад.

Выражаем искреннюю признательность родителям, педагогам и всем тем, кто вкладывает свои силы в воспитание подрастающего поколения.

В этот праздничный день желаем нашим детям отличного отдыха во время летних каникул, радости общения с родителями и друзьями, новых открытий, ярких и незабываемых впечатлений! Пусть осуществляются все детские мечты, а родные окружают детей заботой и любовью!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г. М. Гирисханов***

## Районалъул бетІерас къабул гьаруна

Нилъеда лъала, гьелъул хIакъалъулъ нижеца цо чанго нухалда хъванги букIана, районалъул бетIерас зама-заманалда жидер рахIат хвезабулел суалалгун гIадамал къабул гьарулеблъи.

Гьел суалазул цIикIкIунисел гьесда цере лъезе кколарел ругониги, гIадамал гьесухъе уна суалал хехго бетIералде рахъинаризе рукIиналде хьулгун.

Кинал суалалгун жинде тIаде рачIаниги, ХI. Мусаевас гьел киданиги нахъ чIвачIо. Гьев гьезухъ лъикI гIенеккула ва, нахъ бахъичIого, суалал жидеде кколел нухмалъулезда гьел тIадкъала ва тIуразариялда хадуб хал ккола.



Гьединал дандчIваязул цояблъун букIана 25 маялда тIобитIарабги. Гьеб къоялъ районалъул росабалъа гIадамаз бетIерасда цере рахъана социалиял рахъазда, нухазда ва ракьалда хурхарал суалал.

АбичIого гIоларо, районалъул бетIерасда цере гIадамаз рахъулел цIикIкIунисел суалал цого жидер мурадал тIуразариялда хурхараллъун гурел, росдал жамагIаталъего гIаммаллъун кколилан. Гьелъ бихьизабула нилъер гIадамазда гьоркьор жамагIаталъулго ургъел бугел камун гьечIеблъи. Дир пикруялда, гьедин букIиналъ бихьизабула метерисеб къоялда божи лъун рукIине бегьулеблъиги гIолеб гIелалъ нилъер лъикIал гIадатал гIодор тезе гьечIеблъиги.

ХI. Мусаевас щибаб баккараб суалалъе, гьабсагIаталда хIалтIулеб законалде данде кколеб къагIидаялда, чIванкъотIарал жавабал кьуна, ва гьел жидеде кколел структуриял подразделениябазе нухмалъулезда тIадкъаял гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Хал гьабизе щвана

Нилъеда лъала районалъул церегосел объектазда (лъималазул ахал, школал, клубал ва гь.ц.) капиталиял ремонтал гьарулелги ва гьел цIиял ралелги рукIин, гьединго, унел руго росабалъе, гьезул къватIазде хъил тIеялъул хIалтIабиги.

Узухъда, гьел объектазда бугеб ахIвал-хIалалъул хал гьабизе зама-заманалда щвезе уна районалъул бетIер ХI. Мусаев. Гьедин, 25 маялда гьев щвана Гертмаялда балеб цIияб школалъул, Гъозтала росдал школалъе капиталияб ремонт гьабиялъул, нухазде хъил тIеялъул ахIвал-хIалалъул хал гьабизе.



ХI. Мусаев гьенив дандчIвана рехсарал бакIазда хIалтIаби гьаризе тIаде росарал гIуцIабазул вакилзабигун ва гьев рази хутIана ккараб гара-чIвариялдасагун гьенир гьарурал хIалтIабаздаса.

Районалъул бетIер гьел росабазул жамагIатазул вакилзабигунги дандчIвана. Гьез ХI. Мусаевасда гьарана республикаялъул бетIерасегун хIукуматалъе, жидер рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабеян.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

## Семинар тIобитIана

ДагъаI церегIан къояз муниципалияб хъулухъалъул хIалтIухъабазе ва учреждениябазегун организациябазе нухмалъулезе хасаб семинар тIобитIана.

Гьенир гIахьаллъана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцалов, прокурорасул



кумекчи Шамиль МухIамадов, росабазул бутIрул ва цогидал жавабиял хIалтIухъаби.

Семинарги рагьун, Б. Нуцаловас гIахьалчагIазул кIвар буссинабуна, гIадамал хIалтIизе росулаго ва гьелдаса эркен гьарулаго, кьури гьечIого, тIуразаризе ккелелъи захIматалда хурхараб законалъул тIалабал.

Гьенир раккарал цо-цо суалазе чIванкъотIарал жавабал Ш. МухIамадовасги кьуна. Нилъер районалда рищватчилъиялде дандечIеялъул программа (2019-2024сс.) тIубаялда тIасан кIалъай гьениб гьабуна районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ЖабрагIиловас. Гьес абуна: *«Рищватчилъиялде данде къеркьеялъул хIасил букIуна пачалихъиялгун жамгIиял гIуцIабазги тIолалго гIадамазги, цадахъ рекъон, хIалтIи гьабулеб бугони»*,-ян.

***Ибрагьим Идрисов***

## ХIурматиял районцоял!

Унеб буго 2023 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «*Чапар*» газета хъваялъул кампания. Гьарула нужеда гьеб гIуцIиялда нухда иналъе квербакъеян. Газета хъвазе бегьула почтаялъул отделениябазда.

Багьа-346 гъурущ.

***Редколлегия***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 Библиотекабазул къоялде
гьум. 3 ТIадаб налъи тIубалаго
гьум. 3 Спорт

*Инсан ва гIумру*

# ГIумру гIадамазе хъулухъалъе кьуна



Нилъеда гьоркьор гIезегIанал гIадамал руго жидеца тIаде росарал яги жидеда тIадкъарал ишал ракIбацIцIадго, бажаризабун нухда рачунел. Гьел жидер ишазул хIакъалъулъ рагIинабизеги гьезухъ хъулухъал, шапакъатал, цIарал тIалаб гьаризеги лъугьунаро.

РакIчIун, абизе кIола гьединазул цоявлъун районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби ГIизудинович МухIамадхIабибов кколилан.

Хункарби МухIамадхIабибов гьавуна 1963 соналъ Гуни росулъ. Росдал школа лъугIун хадусан гьес Советияб Армиялда хъулухъ гьабуна.

1987 соналъ Хункарби лъугьана Иваново шагьаралъул инженериябгун бакIал раялъул институталде. 1992 соналъ гьес Москваялъул коммуналияб магIишаталъул институт лъугIизабуна ва гьесие автомобилазул нухазул инженер-строителасул махщел щвана.

1993-1997 соназ Хункарби гIагараб росдал *«ЦIияб гIумру»* колхозалда хIалтIана. Нилъеда лъала араб гIасруялъул 90-абилелги гьаб гIасруялъул байбихьул сонал кинал рукIаралали. ГIадлу-низам гьечIеб, кире унел ругел лъалареб ва бичIчIунареб заманалда лъиениги бигьа букIинчIо, гьеб рахъалъ хасго захIмат букIана милициялъул хIалтIухъабазе.

Гьеб киналъухъго балагьичIого,1997 соналъ Хункарби районалъул жанисел ишазул отделалде лъугьана. Гьенир гьес батIи-батIияб хъулухъалги тIуразаруна (кIудияв инспектор, батальоналъул штабалъул, Ленинаулалъул посёлковияб отделениялъул начальник ва гь. ц.).

2008 соналъ террорист ккезе тIобитIараб хасаб операциялъулъ Хункарби захIматго лъукъана. Гьелъул хIасилалда, майорасул чиналда, гьес хъулухъ тезе ккана. Хъулухъалдаса аниги, гьев хIалхьиялда чIечIо. 2014 соналъ Х. МухIамадхIабибов районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председательлъун вищана. Гьев ккола районалъул депутатазул Собраниялъул депутатлъунги *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб политсоветалъул членлъунги. Жакъа гьев УСХялъул директорасул заместительлъун хIалтIулев вуго.

Районалъул гIумруялъул хал гьабулезда бихьичIого рес гьечIо Хункарби гьоркьоса камурал тадбирал къанагIатги рукIунареллъи. Рагъул ветераназул хъизабахъе щвеялдаса байбихьун ва СВОялъул гIахьалчагIазухъе щвеялде гIунтIун, гьес кверчIвай гьабичIел ишал гьечIо.

ГIисиналгунги чIахIиялгунги рагIи рекъезабун бажарулев, махсаро-хочI бичIчIунев, кинаб букIаниги, тIадкъараб иш, рагIа-ракьанде щун, ва рагIи абилареб хIалалда тIубазабулев, ритIухълъиялда, яхI-намус цIунун, хьвадулев Хункарби лъаларел районалда ратиларо.

Киналниги тIадкъаял, тIаде росарал ишал ракIабацIцIад гьес тIуразарулел рукIиналъе нугIлъи гьабула гьесие щварал шапакъатазги.

Гьев кIодо гьавуна *«БахIарчилъиялъухъ»* орденалдалъун, *«Рагъулал тунка-хIусиязул ветеран»*, *«Северияб Кавказалда хъулухъалъухъ»*, *«Кавказалда терроризмалде дандечIеялъул гIахьалчи»*, *«Жуковасул»*, *«Рагъулаб бихьинчиялъухъ»* ва кIиабилеб даражаялъул *«ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъухъ»* орденалъул медалаздалъун, *«ЗахIматалъул ветеран»* цIаралдалъун, МВДялъул, районалъул администрациялъул ва цогидал гIуцIабазул грамотабаздалъун, Баркалаялъул кагътаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

Гьесул гьитIинав вас Джамалица, РФялъул Пермь шагьаралда бугеб миллияб гвардиялъул институт тIокIлъиялда лъугIизеги гьабун, гIахьаллъи гьабулеб буго Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ. СВОялъул гIахьалчагIазе кумек гьабиялъулъги Хункарбица жигараб гIахьаллъи гьабуна. Гьев, гурхIел-рахIмуялъулаб кумекгун, нилъер гIолохъабазухъе щвезе Украиналдеги ун вукIана.

1 июналда Хункарбие 60 сон тIубана. Бокьун буго, тIолалго гьудул-гьалмагъзабазул рахъалдасан, гьесда баркизе юбилей, гьаризе гьесие халатаб гIумру, щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ даимаб битIккей.

***Гьудул-гьалмагъзабазул кьокъа***

# Балугълъиялде рахинчIезул комиссиялда…

Дагъал цересIан къояз районалъул администрациялда тIобитIана балугълъиялде рахинчIезда гьоркьор ишал тIоритIиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул данделъи.

Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул, гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник ва гьеб комиссиялъул председателасул заместитель Ибрагьим Булатхановасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб данделъиялда хал гьабиялде босун букIана роол каникулазул заманалда лъималазе хIухьбахъиялъе ресал чIезариялъул суал.

Гьелда тIасан кIалъай гьабуна лъайкьеялъул управлениялъул ИМЦялъул специалист Наида Юсуповалъ. Гьелъ абуна Дилималъул лицеялда ва Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалда цере рагьизе ругин лъималазе хIухьбахъиялъе ва гьезул сахлъи цIуниялъе лагерал.

И. Булатхановас данделъаразул кIвар буссинабуна Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахIаллъулезул хъизабаздаса, бесдаллъарал ва хасаб хIисабалда ругел лъималазде.

Гьединго, бицана лъималазул лагеразда хIинкъигьечIолъи чIезабизе тIадаб букIиналъул. Гьелдаго цадахъ, комиссиялъ жидеде гьел кколел гIуцIабазда тIадкъана лагеразда лъималазе ВатIаналде рокьи бижизабулел, культураялъулгун спорталъул тадбирал тIоритIизе.

Данделъи ахиралде щвана, букIине кколеб къагIидаялда, лъималазе тарбия кьоларел эбел-инсуда тIад гьарурал административиял протоколазул хал гьабиялдалъун.

***Ибрагьим Идрисов***

# ТIолгороссиялъул библиотекабазул къоялде

**27 маялда тIолабго Россиялда кIодо гьабуна библиотекабазул Къо. 1795 соналъул 27 маялда Санкт-Петербургалда рагьун буго тIоцебесеб библиотека, гьелда императорасулабилан абулеб букIун буго. Гьанже гьеб Россиялъул миллияб библиотека буго. ГIицIго 200 соналдасан, 1995 абилелдаса байбихьун, 27 абилеб маялда ТIолгороссиялъул библиотекабазул къо абун кIодо гьабулебги буго.**



Гьелда хурхун, 26 маялда библиотекабазул хIалтIухъабаз ва цIалдолез гIахьаллъи гьабуна *«Цадахъ цIализин»* абураб гIаммаб ахIиялда гьоркь унеб *«Библиосордо-2023»* акциялда. Гьеб бухьинабун букIана педагогасул ва наставникасул соналда. МугIалим ва библиотекарь цо рахсил гIукIдул ккола. Библиотека буго гIелмуялъул рукъ. Гьениб букIунеб хасаб гIодобиччаялъги тIахьазул махIалъги цIала нилъ гьенире. Узухъда, нилъер технологиязул гIасруялда гIелму босизе ресал гIемер ругониги, тIехь сунцаниги хисиларо. Нилъеда лъала ахирияй соназ библиотекабазде, тIахьал цIалиялде гIадамазул бербалагьи чучлъун букIин, амма тIахьил къимат гIодобе ккезе гьечIеблъи.



Цо хасаб ахIвал-хIал букIана гьеб сордоялъе районалъул централияб библиотекаялдаги (ЦРБ). Гьениб гIахьаллъи гьабуна живгоги мугIалим, гьанже районалъул харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиевас ва жамгIияб палатаялъул председатель, гIемерал соназ централияб библиотекаялъе нухмалъи гьабурав ХIажи Адимирзаевас. Районалъул администрациялъул рахъалдасан, гьес ракIарараза байрам баркана, ва централияб библиотекаялъул нухмалъулесул заместитель М. МухIамадхIабибов администрациялъул грамотаялдалъун кIодо гьавуна.

Гьеб сордо мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе сайгъат гьабураблъун букIиналъ, централияб библиотекаялъул специалист Нурият Салатгерееваль тадбиралде ахIарал хасаб къисматалъул мугIалимзабазул хIакъалъулъ видеоклип бихьизабуна.

Данделъиялда кIалъазе рахъарал мугIалимзаби: Забурай Амачеваль (Гъоз тала), Наида МухIамадоваль (Дилим, лицей), Бали Дадаеваль (Гуни), Сайгибат Герехановаль(Калининаул), Мадина МухIамадсултановаль (Ленинаул) ва Сапият ХIамзатоваль (ГIаркьухъ) жидерго махщалилъ библиотекаялъул кIваралъул бицана ва гьелъул хIалтIухъа базда байрам баркана.

Гьенибго ЦРБялъул специалист Ажабика ГIабдулмуслимоваль цIалдохъабигун *«МугIалимасе букет»* мастер-класс тIобитIана. Тадбиралда музыкалиял номералгун цере рахъана Рамазан Гьаницев ва *«КенчIеро»* лъималазул ахалъул педагог Зумруд Абакарова.

Гьеб тадбир кIудияб махщалида гIуцIун букIана Ажабика ГIабдумуслимоваль. Гьелъул эбел Загьраула Лалаеваги 37 соналъ хIалтIана библиотекарьлъун.

*- Библиотекарасда тIадал ишал гьабсагIат гIемерисезда ричIчIунаро. ЦIехарав чияс абизе буго гьев библиотекалдаса тIахьал кьолев чи кколилан. Цере гьев вукIун вуго цIакъ гIакъилав, гIелмуялъул рахъалъ цеветIурав чи. Гьанже нижеца гIадамалгун гьоркьоблъи чIезабизе, батIи-батIиял тадбираздалъун, тIахьал цIализе гьира базабизе, цIалдолезул суалазе жавабал кьезе бажаризабизе ккола. ГьединайлъунйикIине дица хIаракатги бахъула. Гьелъие дилъ щулияб къучI, узухъда, дир эбелалъ лъуна,-ян бицана Ажабикаца.*

1989 соналда Дагъистаналъул маданияталъул училище лъугIаралдаса, Ажабикаца библиотекаялъул хIалтIулъ кодобе босичIеб рахъал течIо. Сунде квер бегьаниги, гьелъ гьеб тIадегIанаб даражаялда тIубазеги гьабула.

Унгоги, гьелъул хIалтIул хIасил бихьизе бегьула лъайгун тарбия кьеялъул ва



цогидалги гIуцIабазда гьелъ гьарулел ишазулъ. ГьабсагIаталда Ажабикаца районалъул библиотекаялъул цIалдолезе хъулухъ гьабиялъул отделалъе нухмалъи гьабулеб буго. Гьей кIвахI лъалареб, бажари бугеб хIалтIухъаналъул ишаздаса жий цIакъ рази йигилан абуна ЦРБялъул директор Зульмира Адилмирзаеваль.

Гьелдаго цадахъ, З. Адилмирзаеваль гьениб рехсана Хубар росдал библиотекаялда тIадегIанаб даражаялда хIалтIи гIуцIун букIинги. Гьелъие нухмалъи Маржанат Мазаковаль гьабулеб буго. Маржанатил гIахьаллъи гьечIого, росулъ цониги тадбир унарин абуни, мекъи букIинаро.

2000 абилеб соналда ДГУялъул биологиялъул факультеталъул тIоцебесеб курс заочно лъугIарай Маржанат росдал библиотекаялде хIалтIизе лъугьана. Гьелда гьелъ гIей гьабичIо, гьей лъугьана журналистикаялъул факультеталде.

ЧIахIияб гIелалъулги цIалдохъабазулги кIудияй гьудул, насихIатчIужу М. Мазаковаль жакъа къоялъги библиотекабазда цере лъурал масъалаби тIуразе жигараб хIаракат бахъула. 2022 соналда республикаялъул маданияталъул министерствоялъ М. Мазаковалъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьеялъе нугIлъи гьабула гьей гьелъ грамотаялдалъун кIодо гьайиялъ.

Данделъиялъул ахиралда З. Адилмирзаеваль гьеб тадбиралда гIахьаллъарал мугIалимзабазе, цIалдохъабазе, росабазул библиотекаразе ва гьеб гIуцIарал жиндирго хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

***Динара Батиева***

# ТIадаб налъи тIубалаго...



### МахIмуд Байтарханович Гереханов

гьавуна 1981 соналъ Калининаул росулъ.

1998 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, МахIмуд лъугьана ДГПУялъул физкультураялъул факультеталде.

2004 соналъ гьебги лъугIизабун, гьев армиялде ана. 2006 соналъ тIадвуссарав гьесие цIакъ бокьана рагъулаб хъулухъалда гIумру бухьинабизе ва МахIмуд, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалъулъе лъугьана.

Гьелдаса байбихьун, МахIмуд батIи-батIиял бакIазда тIоритIулел хасал рагъулал операциябазда гIахьаллъизе ккана. Гьенир рихьизарурал тIокIлъабазухъ гьев мустахIикълъана *«Терроризмалде данде кьеркьеялъул гIахьалчи», «Кавказалъул рагъулал ишазул гIахьалчи»*, II-абилеб даражаялъул *«Рагъулаб хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ», «Георгиевасулаб хъанчалъе-200 сон», «Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ», «Кавказалда хъулухъалъухъ» медалазе.*

Араб соналъ Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса МахIмуд гьелъул гIахьалчилъунги ккола. Гьениб бихьизабураб тIокIлъиялъухъ гьев Суворовасул медалалъе мустахIикълъана.

### МахIач МухIамадрасулович Хайрулаев



гьавуна 1984 соналъ Дилим росулъ.

2001 соналъ росдал лицейги лъугIизабун, 2002 соналъ гьев тIадаб налъи тIубазе рагъулаб хъалухъалде ана. КIиго соналдасан тIадвуссарав МахIач батIи-батIиял ишазда вукIана.

Украиналда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе мобилизация лъазабун хадусан, МахIач мобилизациялде унезул мухъилъе ккана. Ноябралъул байбихьиялда гьужумалъ унеб къокъаялъулъ вукIарав МахIач лъукъана.

Гьениб бихьизабураб тIокIлъиялъухъ гьев *«БахIарчилъиялъухъ»* медалалдалъун кIодо гьавуна. Ккараб гара-чIвариялда МахIачица абуна: *«Гьабсагlат дун рагъун сахлъиялъухъ балагьун чIун вуго ва гьеб сахлъарабго, рагъулаб хъулухъалде тIадвуссине вуго»,-ян.*



### Аюб Абуязидович Сайбулаев

гьавуна 1985 соналъ Калининаул росулъ.

2004 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев армиялъул мухъилъе ахIана. 2006 соналъ, ракIбацIцIад рагъулаб хъулухъги тIубан, тIадвуссарав гьесие раклалъ хIалхьи кьечIо гьеб хъулухъалде тIадвуссун гурони. КъотIи-къайги хъван, 2006 соналъго Аюб гьелде тIадвуссана. Аюбил хъулухъалде бугеб бербалагьиги бихьун, командирзабаз гьев цеве ккола ва цогидал рагъухъабазе мисаллъун рехсола.

Гьедин букIиналъ гьев кIиабилеб ва лъабабилеб даражабазул *«Рагъулаб хъулухъалда тIокIлъиялъухъ»* медалазе мустахIикълъана.

2014 соналъ Крымалда рукIарал ишазулъ гIахьаллъарав Аюб Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна. Гьенив гьев лъукъунги вукIана, амма ругъун сахлъигун, хъулухъалде тIадвуссана. Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Аюб гьенивги гIахьаллъулев вуго.

Гьениб бихьизабураб рагъулаб тIокIлъиялъухъ, взводалъул командирасул заместитель Аюб Сайбулаев Жуковасул медалалъе, Баркалаялъул кагътазе ва грамотабазе мустахIикълъана.

### Тимур ГIайнодинович ГIабдулмуслимов



гьавуна 1986 соналъ Калининаул росулъ.

КIудияб хъизаналда гьоркьов гIурав Тимур гьитIинго ругьунлъана захIматалде. ЧIахIиязул адаб-хатир гьабулев, гIел бащадазулгун рагIи данде кколев Тимурил гIемерал гьудул-гьалмагъзаби руго.

2004 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев тIадаб налъи тIубазе армиялде ана. Армиялда бугеб ахIвал-хIал рекIее гIурав Тимурица, къотIи-къайги хъван, жиндирго гIумру армиялда бухьинабуна.

БатIи-батIиял рагъулал операциябазда гIахьаллъарав гьев, Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, гьениве ккана. РакIбацIцIадго рагъулаб хъулухъ тIубазабиялъухъ Тимур III-абилеб даражаялъул *«Хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»* медалалъе мустахIикълъана.



### Руслан Висирпашаевич Мугидинов

гьавуна 1985 соналъ Ленинаул росулъ.

2003 соналъ, лъикIал къиматаздалъун Ленинаулалъул №2 школаги лъугIизабун, 2004 соналъ Руслан тIадаб налъи тIубазе армиялде ана.

2006 соналъ тIадвуссун хадув, къотIи-къайги хъван, Руслан рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана. Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Руслан гьелъулъ гIахьаллъулев вуго. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев мустахIикълъана II-аб. ва III-аб. даражабазул *«Хъулухъалъулъ тIокIлъиялъухъ», «рагъул тунка-хIусиязул гIахьалчи», «СВОялъул гIахьалчи» ва «Росгвардиялъул хъулухъалда тIокIлъиялъухъ»* медалазе.

### Зулумхан ХIисматулаевич ГIабасов



гьавуна 1993 соналъ Алмахъ росулъ. 2009 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Зулумхан Хасавюрталъул №1 республикаялъулаб профессионалияб лицеялде лъугьана. 2012 соналъ гьебги лъугIизабун, тIадвуссарав гьев рукъалъул магIишат цебетIезабиялда тIад хIалтIулев вукIана.

2016 соналъ Зулумхан тIадаб налъи тIубазе армиялъул мухъилъе ахIана ва, гьенибго къотIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалдаго чIана. Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Зулумхан гьенив гIахьаллъулевги вуго.

Цо ккараб тунка-хIусиялда Зулумханица, жиндирго *«Камаз»* автомашиналдаги лъун, 15 лъукъарав рагъухъан санчасталде щвезавуна. Гьелъухъ гьев командованиялъ Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна.



### Къурбан Исламдинович Хубаев

гьавуна 1992 соналъ Дилим росулъ.

2008 соналъ Дилим росдал лицейги лъугIизабун, Къурбан ДГАУялде лъугьана. 2014 соналъ гьев тIадаб налъи тIубазе армиялде ана.

2015 соналъ, ракIбацIцIадго хъулухъги тIубазабун, Къурбан тIадвуссана. 2016 соналъ, къотIи-къайги хъван, гьев рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана, 2016-2017 соназ террористазде данде гьарулел операциябаздаги 2017-2020 соназ Сириялда тIобитIулеб рагъулаб операциялдаги гIахьаллъана.

2022 соналдаса байбихьун, гьев Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялдаги гIахьаллъулев вуго. Кивехун кканиги, Къурбаница тIадкъарал ишал, ракIбацIцIадго, тIуразарулел руго. Гьелъие нугIлъи гьабула гьесие щварал щапакъатаз. Гьев мустахIикълъана *«Севериаб Кавказалда хъулухъалъухъ», «Сириялда рекъел букIинабиялъулъ гIахьаллъиялъухъ», «Сириялда рагъулаб операциялъул гIахьалчи»* ва Жуковасул медалазе.

### Загьир ГIабдулвадудович Ибрагьимов



гьавуна 1994 соналъ Калининаул росулъ.

2012 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабурав Загьид, 2014 соналъ тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе армиялде ана. КIиго соналъ гьениб хъулухъги гьабун, тIадвуссарав Загьидие вацазгун гьалмагъзабаз тIаса бищараб рагъулаб хъулухъ цIакъ рекIее гIолеб букIана, ва гьев, къотIи-къайги хъван, гьелде тIадвуссана. Загьидица гIахьаллъи гьабуна Сириялда тIобитIараб рагъулаб операциялъулъги. Хасаб тIадкъай тIубазабиялъул бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев *«Рагъулаб хъулухъ тIубазабиялъухъ»* медалалъе мустахIикълъана.

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Загьид гьелъулъ гIахьаллъулев вуго. Гьенибги Загьидица тIокIлъи бихьизабулеб буго. Гьелъухъ гьев кIодо гьавуна Жуковасул медалалдалъун.

Загьидгун ккараб гара-чIвариялда гьес абуна: *«Рагъулаб хъулухъалде дир рокьи бижизабуна кIудияв вац МахIачица. Гьевги ккола Сириялда ккарал ва Украиналда ругел тунка- хIусиязул гIахьалчи. Нижер вац Закирги гIахьаллъулев вуго Украиналда тIобитIулел рагъулаб операциялъулъ»*,-ан.

Калининаул росулъа ГIабдулвадуд ва Барият Ибрагьимовазул лъабго вас, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалда ругебълъи дида цебего рагIун букIана. РакIалда буго, Аллагьас хъван батани, гьеб хъизаналъул хIакъалъулъ, гIатIидгьабун, хъвазе.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

# Прокуратура сообщает...

## Правительство РФ Постановлением от 11.05.2023 № 738 утвердило программу поддержки военных медиков

С 1 января 2024 года врачи, фельдшеры и медсестры, которые прибудут на работу в военно-медицинские подразделения, смогут получить единовременные выплаты. Основное условие - готовность отработать не менее 5 лет со дня заключения трудового договора.

Размеры выплат зависят от местоположения подразделений.

| Расположение подразделений | Врачи | Фельдшеры и медсестры |
|---|---|---|
| Населенные пункты до 50 тыс. человек и отдельные воинские части в Дальневосточном федеральном округе, районах Крайнего Севера и Арктической зоне России | 2 млн руб. | 1 млн руб. |
| Населенные пункты до 50 тыс. человек и отдельные воинские части на удаленных и труднодоступных территориях | 1,5 млн руб. | 750 тыс. руб. |
| Населенные пункты до 50 тыс. человек и отдельные воинские части на других территориях | 1 млн руб. | 500 тыс. руб. |

Участвовать в этой программе вправе и выпускники медицинских вузов, колледжей, училищ.

# Прокуратура информирует...

В соответствии с Постановлением Правительства РФ от 06.05.2023 № 714, с 1 сентября 2023 года, оплачиваемые выходные для ухода за детьми-инвалидами даются по новым правилам. Они учитывают возможность одного из родителей, опекуна или попечителя, раз в год, брать до 24 дней подряд.

Сотрудники могут не использовать в каждый месяц по 4 дополнительных выходных, а копить их, чтобы взять больше дней за один раз. Работодатель должен предоставить сотруднику столько выходных, сколько работник сэкономил с начала текущего календарного года до даты использования, но не больше 24 дней.

Сроки подачи заявлений на дополнительные выходные сотрудникам нужно согласовать с работодателем.

Родители могут делить между собой неиспользованные выходные. Переносить их на другой календарный год нельзя.

# ОМВД информирует...

С учетом ограниченных сроков подготовки к проведению хаджа российских мусульман в Королевство Саудовская Аравия в 2023 году, власти КСА разрешили гражданам Российской Федерации совершить хадж по заграничным паспортам со сроком действия 5 лет.

Для подачи документов можете обратиться в Управление по вопросам миграции МВД по Республике Дагестан ул. Абубакарова д. 115А.

# Эркенаб гугари

28 маялда Мусашайх Гlазаевасул спортшколалда тlоритlана эркенаб гугариялъул зоналияб къецал. 2007-2008 соназ гьарурал гlолилазда гьоркьор тlоритlарал гьел къецазда гlахьаллъана Хасавюрт шагьаралъулгун районалъул, нилъер ва Цlияблак районазул гугарухъаби. Дагъистаналда тlоцебесеб баклалъе гlоло тlоритlулел къецазда гlахьаллъизе ругел тlатинариялъе тlоритlарал гьезулъ нилъер спортсменаз лъикlаб хlасилал рихьизаруна.

Гьедин, чемпионаллъун гьенир рахъана Гlумар Мухlамадов, Нугlман Гlалиев, Рахlматула Гlабдулахlитов ва Ислам Дамиев.

Кlиабилебгун лъабабилеб бакlазде рачlана Ислам Къурахlмаев, Бадрудин Болоцlилаев, Сагlидафанди Сулейманов, Мухlамад Асирдинов, Ахlмад Улубиев,



Ахlмад Султанбеков, Хlабиб Хlамзалаев, Хlабиб Расулов, Хlажимурад Токаев, Адам Мухlамадов, Мухlамад Жаватханов, Расул Хlатlипов, Расул Насрулаев, Ахlмад Бибасханов, Гlали Чокиев ва Мухlамадрасул Гьилахъаев.

Тlадехун рехсарал кlодо гьаруна, МДЮСШялъул дирекциялъул рахъалдасан, медаляздалъунги грамотабаздалъунги, ва гьезие рес щвана 10-11 июналда Шамиль районалъул Гlурада росулъ, Дагъистаналда тlоцебесеб бакlалъе гlоло, тlоритlизе ругел эркенаб гугариялъул къецазда гlахьаллъизе.

*Насрула Алиукъаев*

# Волейбол



Дагъал цереглан къояз Дубки поселокалда тlобитlана Афгъанистаналъул рагъда гlумруялдаса ватlалъарав Назирдин Салимханов раклалде щвезавиялъул турнир.

Гlадатлъун лъугьараб гьеб турнир тlобитlиялъе квербакъана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гlолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ ва *«Цогояб Россия»* партиялъул баклалда бугеб отделениялъ.

Турнир рагьана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисханова ва гьес, районалъул бетlер Хlажимурад Мусаевасул рахъалдасан гьелъул гlахьалчагlазе бергьенлъаби гьарана.

Гьенир гlахьаллъана районалъул росабалъа 8 команда.

Тlоцебесеб бакlалъе мустахlикълъана Дилим росдал команда, кlиабилеб бакl босана гертмаязул командаялъ ва лъабабилеб бакlал щвана Калининаул росдал командаялъе.

Призалъулал бакlал росарал гьенир кубоказдалъун, медаляздалъун, грамотабаздалъун ва гlарцулал шапакъатаздалъун кlодо гьаруна.

Гьединго гьенир кlодо гьаруна бищунго лъикl хlарал волейболисталги.

Гьел ккола, Муъмин Мусаев (нападающий, Гертма) , Ренат Булатханов (игрок, Дилим ), Заур Хlажиев (защитник, Калининаул), ва Сайгид Гилакаев (разводящий, Дилим).

Турнир гlуцlиялда нухда тlобитlиялъе квербакъарал районалъул бетlер Хlажимурад Мусаевасе ва тlадехун рехсарал гlуцlабазул хlалтlухъабазе Н. Салимхановасул гlага-гlунтlараз ракl-ракlалъулаб баркала загьир гьабуна.

*МахIмуд ДавудхIажиев*

# Б О К С

Нилъер районалда бокс спорталъул " гlолохъанаб" тайпалъун кколеб бугониги, гьелъулъ гlолохъабаз гlезегlанал церетlеял рихьизарулел руго. Гьелъие нугlлъи гьабула бакl-бакlазда тlоритlулел боксалъул къецазда гьез рихьизарулел хlасилаз. 24 маялда Алмахъалда тlоритlана боксалъул къецал. Мусашайих Гlазаевасул спортшколалда куцалел ругел 2007-2008 ва 2009-2010 соназ гьарурал гlолилазда гьоркьор тlоритlарал гьел къецал гlуцlаразул мурадлъун букlана зоналиялгун



республикаялъул къецазда гlахьаллъиялъе боксёрал тlаса рищи ва Украиналда тlобитlулеб хасаб рагъулаб операциялъул гlахьалчагlазул рахъ кколеб букlин бихьизаби.

2007-2008 соназ гьарураз гьоркьор, жиде-жидер цlайиязда, чемпионаллъун рахъана Ахlмад Джанбиев, Мухlамад Самоев, Мухlамад Гъаирбиев, Мухlамад Мусаев, Арсен Сусурбиев, Мухlамадхан Гъаирбеков, Амин Гlумаров ва Ибнухlажар Шираев.

Гьединго, 2009-2010 соназ гьаруразда гьоркьор чемпионаллъун рахъана Рамазан Сагlидов, Аюб Хайрулаев, Мухlамад Къутlараев, Ахlмад Баймурадов, Мухlудин Хайрулаев, Мухlамад Асадулаев, Сайфула Зайнудинов, Мухlамадрасул Гlисаев, Ибрагьим Нуцалов ва Мухlамад Ахlмадов.

Призалъулал бакlал росарал гьенир кlодо гьаруна спортшколалъул дирекциялъул кубоказдалъунги медаляздалъунги, грамотабаздалъунги ва, *«Брона»* нуцlбузул фабрикаялъул рахъалдасан, гlарцулал шапакъатаздалъунги.

Бергьенлъи босаразул тренераллъун ккола Салисби Набиев,Зайнудин Сайпудинов ва Батирхан Мусичев.

*Насрула Алиукъаев*

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакьикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**